

# BAB I

## BUBUKA

### 1.1 Kasang Tukang Masalah

Dina kahirupan sapopoé manusa moal leupas tina ngaranna basa. Ieu basa téh dipaké pikeun komunikasi jeung papada jalma. Saupama ditiénan leuwih telik, makéna basa dina kahirupan sapopoé téh loba pisan variasina. Malah di unggal wewengkon, basa nu dipaké téh mibanda ciri has atawa dialéktologi séwang-séwangan.

Saupama nilik kana pasipatan basa nu arbitér jeung konvesional, basa Sunda mibanda ragam (variasi-variasi) basa nu saéstuna ngeuyeuban kana hirup-huripna basa Sunda. Sudaryat (2003:121) nétélakeun yén nu dimaksud ragam basa nya éta rupaning wujud makéna basa dina kahirupan panyaturna.

Salasahiji kelompok sosial panyatur basa Sunda nu mibanda ragam basa téh nya éta kaum rumaja. Kahirupan rumaja nu matak ngirut tur pikayungyuneun, tétéla mangaruhan kana makéna ragam basa rumaja. Mémang éta hal téh dipangaruhan ku kaayaan sosial rumaja. Sakumaha nu katémbong yén mangsa rumaja téh mibanda ciri, di antarana: badeur; hésé diatur; kréatif; tur resep ngariung dina hiji kelompok. Éta ciri-ciri téh katangén dina basa nu dipaké ku kaum rumaja. Kahayang pikeun nyieun kelompok *eklusif* ngabalukarkeun para rumaja nyiptakeun basa “rusiah” nu ukur dipikaharti ku kelompokna. Jadi, sanajan kabéh rumaja geus apal kana ieu basa, keur barudak jeung kolot mah tetep jadi basa rusiah nu teu pikahartieun (Sumarsono & Partana, 2004: 150-151).

Dina ulikan sosiolinguistik, ulikan dialék sosial utamana basa prokém téh geus aya nu ngalaksanakeun, upamana waé artikel nu judulna “*Bahasa Prokem di Jakarta*” (Kawira,1990) nu datana ti Jay Bimo dina majalah *Hai* No. 29, 1981. Dina éta panalungtikan Kawira ngabahas tina jihat nu maké, waktu

maké, sarta struktur basa prokem. Lian ti éta, aya ogé nu judulna “*Bahasa Remaja: Studi Kasus Pemakaian Bahasa di Radio Prambors*” (Nurany, 1994). Éta panalungtikan ngadéskripsikeun dipakéna basa ragam lisan dina radio.

Sanajan dina ieu panalungtikan nyabit-nyabit perkara basa prokém, tapi karasana teu museur, kusabab dijerona nyaruk jeung dialék Jakarta, basa daérah, jeung basa asing. Lian ti éta, aya skripsi anu judulna “Dialék sosial basa sunda di Kecamatan Cianjur Kabupatén Cianjur (Ulikan Kandaga Kecap Ragam Basa Prokém (slang) di Kalangan Rumaja) anu ditulis ku Aditia Gunawan taun 2007, ieu skripsi téh ngadéskripsikeun ngeunaan warna kecap, pola ngawangun kecap, sarta fungsi basa prokém rumaja anu aya di Kecamatan Cianjur Kabupatén Cianjur. Salian ti éta ogé aya skripsi séjén anu nalungtik ngeunaan basa slang anu dijudulan “*Kosakata slang anak jalanan: suatu penelitian terhadap potensi pengembangan kosakata Bahasa Indonesia*” (Sari, 2003) ieu skripsi kawilang hadé sabab bisa ngabuktikeun yén basa slang téh bisa ditarima ku masarakat.

Dina ulikan dialék sosial basa Sunda, ulikan ngeunaan basa rumaja téh geus aya anu nalungtik, diantaranya waé makalah anu judulna “panalungtikan Basa Sunda di Lingkungan Kodya Bandung: Program Panalungtikan Basa Sunda Rumaja” (Djaya Sudarma, 2005) anu dipidangkeun dina kongrés Basa Sunda VIII taun 2005. Ieu makalah museur kana interferensi jeung campur kode dina basa rumaja.

Tina panalungtikan-panalungtikan nu ditataan di luhur, tétéla yén panalungtikan dialék sosial basa Sunda di Jawa Barat téh ngan saeutik nu dilaksanakeun. Ari ulikan ngeunaan kandaga kecap basa prokém rumaja nu dipaké ku panyatur basa Sunda mah ngan saeutik. Ieu hal mangrupa salasahiji cukup lantaran pangna nu nyusun Basa Sunda Prokém Rajamandala (BSPR).

Nilik kana pedaran di luhur fénomena basa prokém dina kahirupan rumaja tétéla nyampak di Désa Rajamandala Kulon, Kecamatan Cipatat,

Kabupatén Bandung Barat. Dumasar kana basa nu dijadikeun idéntitas kelompokna, kapanggih komunitas panyatur basa Sunda, nggagunakeun basa prokém. Éta basa téh muncul waktu komunikasi jeung papada kelompokna.

Perluna panalungtikan ngeunaan dialék sosial basa Sunda di Désa Rajamadala Kulon Kacamatan Cipatat Kabupatén Bandung Barat téh salian ti fénomena kahirupan basa Sunda nu perlu di dokuméntasikeun, ogé bisa dijadikeun tatapakan strategi kamekaran basa Sunda. Ku kituna ieu panalungtikan anu judulna “**Ragam Basa Sunda Prokém di Désa Rajamadala Kulon Kecamatan Cipatat Kabupatén Bandung Barat**” perlu dilaksanakeun.

## **1.2 Watesan jeung rumusan masalah**

### **1.2.1 Watesan Masalah**

Ngawatesanan masalah panalungtikan mangrupa léngkah anu penting dina panalungtikan, sangkan réngsé bari bisa ngajawab sagala rupa anu aya dina rumusan masalah.

Luyu jeung kasang tukang masalah, dina ieu panalungtikan téh diwatesanan ngeunaan déskripsi analisis Basa Sunda Prokém di Désa Rajamadala Kulon Kacamatan Cipatat Kabupatén Bandung Barat. Maluruh ngeunaan unit-unit basa dina basa prokem rumaja di Désa Rajamadala Kulon Kacamatan Cipatat Kabupatén Bandung Barat sacara gembleng tinangtu bakal lega teuing ambahannana, ku kituna, ieu panalungtikan téh diwatesan tur di écéskeun deui yén anu ditalungtik téh nya éta kandaga kecap dina basa prokém kalangan rumaja di Désa Rajamadala Kulon Kacamatan Cipatat Kabupaten Bandung Barat, ngawengku warna, jeung fungsi basa prokém dumasar laku basa dina komunikasi intra kelompokna.

### **1.2.2 Rumusan Masalah**

Gerit Daryat Saputra, 2014

*Ragam basa prokem di desa Rajamandala Kulon Kecamatan Cipatat Kabupaten Bandung Barat*

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Dumasar kana watesan masalah, nu jadi masalah dina ieu panalungtikan dirumuskan dina kalimah pananya ieu di handap.

- 1) Kumaha kandaga kecap basa Sunda prokém anu aya di Désa Rajamadala Kulon Kacamatan Cipatat kabupaten Bandung Barat?
- 2) Kumaha warna kecap basa prokém rumaja nu kapanggih dina éta wewengkon?
- 3) Kumaha pola ngawangun kecap basa Sunda prokém anu aya di Désa Rajamadala Kulon Kacamatan Cipatat kabupaten Bandung Barat?

### **1.3 Tujuan Panalungtikan**

#### **1.3.1 Tujuan Umum**

Tujuan umum dina ieu panalungtikan nya éta hayang meunangkeun data ngeunaan basa Sunda prokém di kalangan rumaja anu aya di Désa Rajamadala Kulon Kacamatan Cipatat kabupaten Bandung Barat.

#### **1.3.2 Tujuan Husus**

Ieu panalungtikan nu judulna basa Sunda prokém di kalangan Rumaja Désa Rajamadala Kulon Kacamatan Cipatat Kabupatén Bandung Barat, miboga tujuan husus pikeun ngadéskripsikeun:

- 1) kandaga kecap basa Sunda anu aya di Désa Rajamadala Kacamatan Cipatat Kabupatén Bandung Barat
- 2) warna kecap basa prokém rumaja nu kapanggih dina éta wewengkon
- 3) pola ngawangun kecap basa Sunda prokém kana aspek sosiologi kahirupan masarakat

### **1.4 Mangpaat Panalungtikan**

Gerit Daryat Saputra, 2014

*Ragam basa prokem di desa Rajamandala Kulon Kecamatan Cipatat Kabupaten Bandung Barat*

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Ieu panalungtikan téh dipiharep bisa méré mangpaat sacara tioritis pikeun élmu sosiolinguistik, sacara praktis pikeun panalungtik, tatabasa, jeung umum. anu ditataan ieu di handap:

- 1) Méré informasi ngeunaan kandaga kecap Basa Sunda prokém di Désa Rajamadala Kulon Kacamatan Cipatat Kabupatén Bandung Barat.
- 2) Méré informasi wangun kecap Basa Sunda prokém di Désa Rajamadala Kulon Kacamatan Cipatat Kabupatén Bandung Barat di kalangan rumaja.
- 3) Ngeuyeuban panalungtikan dialéktologi basa Sunda.

### **1.5 Anggapan Dasar**

Ieu panalungtikan téh nyoko kana sababaraha anggapan dasar saperti ieu di handap.

- 1) Basa Sunda prokém anu dikumpulkeun di Désa Rajamadala Kulon Kacamatan Cipatat Kabupatén Bandung Barat mangrupa fénomena kahirupan manusa anu perlu di dokuméntasikeun.
- 2) Bédana antara kecap basa Sunda prokém di Désa Rajamadala Kulon Kacamatan Cipatat Kabupatén Bandung Barat jeung kecap basa Sunda lulugu bisa dianalisis dumasar kana élmu basa.
- 3) Perluna basa Sunda prokém di désa Rajamadala Kulon Kacamatan Cipatat Kabupatén Bandung Barat bisa dijadikeun tatapakan pikeun strategi kamekaran basa Sunda anu salawasna mekar luyu jeung kamekaran jaman.

### **1.6 Sistematika Tulisan**

Sistematika penulisan dina ieu skripsi ngawengku lima bab, nya éta: Bab I bubuka, medar ngeunaan kasang tukang masalah, watesan jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangfaat panalungtikan, anggapan dasar, jeung

sistematika penulisan; Bab II ngeunaan kajian tiori tina ieu panalungtikan, medar sociolinguistik, pilihan basa, hubungan basa jeung kabudayaan, warna kecap, dialék, jeung basa prokém; Bab III métode panalungtikan nu dipaké dina ieu skripsi nu medar ngeunaan métode panalungtikan, téknik panalungtikan, sumber data, wangenan operasional, desain panalungtikan, jeung léngkah garapan panalungtikan; Bab IV ngadeskripsikeun hasil tina panalungtikan, nya éta ngeunaan basa Sunda prokém di Désa Rajamadala Kulon Kacamatan Cipatat Kabupatén Bandung Barat; Bab V ngeunaan kacindekan tina hasil panalungtikan jeung saran ti panalungtik ngeunaan hal-hal nu aya pakuat-pakaitna salila panalungtikan pikeun panalungtik kahareupna.